Garanti Pwosediral Delaware

Dwa Paran ak Timoun yo genyen nan zafè Edikasyon Espesyal

Selon Pati B nan Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo,
ak Règleman Eta ak Règleman Federal ki Kontwole Edikasyon Espesyal

Resous pou Timoun Espesyal
Jiyè 2025

Resous pou Timoun Espesyal
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210 | Faks: (302) 739-2388
https://education.delaware.gov/

Dokiman sa a disponib nan plizyè lang nan lyen sa a: https://education.delaware.gov/legacy/home/instruction-and-assessment/exceptional-children/special-education/for-families/rights-and-disputes/
Tanpri kontakte Resous pou Timoun Espesyal si w bezwen yon tradiksyon anplis.

Lis Sijè yo

Garanti Pwosediral **1**
- Kisa Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal ye? 1
- Kilè yo bay Avi pou Garanti Pwosediral la? 1

Enfòmasyon Jeneral **2**
- Kisa Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) la ye? 2
- Ki kèk tèm edikasyon espesyal moun itilize souvan? 2
- Ki kote mwen kapab jwenn plis èd? 2

Patisipasyon Paran nan Reyinyon yo **4**
- Kijan yo pran desizyon sou bezwen pitit mwen an genyen nan zafè edikasyon espesyal? 4
- Kisa yon reyinyon Ekip IEP ye? 4
- Kijan pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP pitit mwen an? 5
- Èske lekòl la kapab òganize yon reyinyon Ekip IEP si mwen pa kapab patisipe? 5
- Èske tout manm nan Ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an? 5

Avi pou Reyinyon Ekip IEP a **6**
- Kijan yo ap enfòme m pou m patisipe nan yon reyinyon Ekip IEP? 6
- Ki enfòmasyon Avi pou Reyinyon an genyen ladan l? 6

Avi ki Ekri Alavans **7**
- Kijan y ap enfòme m sou desizyon ki gen rapò ak pwogram edikasyon espesyal pitit mwen an? 7
- Kilè yo ap ban mwen Avi ki Ekri Alavans lan? 7
- Ki enfòmasyon Avi ki Ekri Alavans lan ap ban mwen? 7
- Èske mwen kapab resevwa avi a nan imèl? 7

Konsantman Paran **8**
- Kisa konsantman paran an ye? 8
- Kilè konsantman paran mwen an obligatwa? 8
- Èske mwen kapab refize oswa anile konsantman paran an? 8
- E si se Eta a ki responsab timoun nan? 9

Randevou avèk Paran Ranplasan pou zafè Edikasyon **9**
- E si yo pa kapab idantifye ni lokalize paran an? 9
- Ki wòl yon paran ranplasan jwe? 9
- Kijan yo nonmen yon paran ranplasan? 9
- Kilè wòl yon paran ranplasan fini? 9

Evalyasyon yo **10**
- Kisa yon evalyasyon ye? 10
- Ki delè yo bay pou fin fè yon evalyasyon? 10

Evalyasyon Edikatif Endepandan **10**
- Èske lekòl la kapab peye yon moun ki pa fè pati lekòl la pou fè l evalye pitit mwen an? 10
- Kisa ou bezwen pou fè yon evalyasyon endepandan? 11

Elijiblite **11**
Kijan yo detèmine elijiblite a? 11

Pwogram Edikasyon Pèsonalize **11**
Kisa yon IEP ye? 11

Planifikasyon Tranzisyon pou Granmounite **12**
Kisa planifikasyon tranzisyon an ye? 12

Transfè Dwa Lè Timoun nan Vin Majè **12**
Ki dwa mwen genyen lè pitit mwen an vin gen dizwit lane (18)? 12
Kisa pou m fè si elèv majè mwen an pa kapab pran desizyon ki gen pou wè ak edikasyon? 13

Aksè nan Dosye Lekòl yo **13**
Èske mwen kapab egzamine dosye lekòl pitit mwen an? 13

Medyasyon **14**
Èske m kapab mande medyasyon pou rezoud litij mwen genyen avèk lekòl la? 14

Odyans pou Pwosedi Regilye **15**
Kisa yon odyans pou pwosedi regilye ye? 15
Kijan pou m mande yon odyans? 15
E si plent pou pwosedi regilye mwen an pa gen tout enfòmasyon yo mande yo ladan l? 16
Konbyen tan yon odyans pou pwosedi regilye dire? 17
Èske m kapab fè chanjman nan plent pou pwosedi regilye mwen an apre m fin depoze l? 17
Èske lekòl la dwe reponn plent pou pwosedi regilye mwen an? 17
Ki dwa mwen genyen nan zafè pwosedi regilye? 17
Èske plasman edikatif pitit mwen an chanje pandan pwosedi a? 18
Kisa yon reyinyon rezolisyon ye? 18
Kisa peryòd rezolisyon an ye? 19
Kisa k ap pase si m pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an? 19
E si lekòl la pa òganize reyinyon rezolisyon an? 20
Kisa k ap genyen nan odyans pou pwosedi regilye a? 20
Ki moun ki asire li yo aplike desizyon ki soti nan odyans pou pwosedi regilye a? 20
Èske m kapab konteste desizyon ki soti nan odyans pou pwosedi regilye a? 20
Kiyès ki peye avoka mwen an? 21
Kiyès ki peye frè avoka lekòl la? 21

Pwosedi pou Plent Eta a **22**
Èske gen lòt fason pou m rezoud litij ki genyen sou edikasyon pitit mwen an? 22
Ki diferans ki genyen ant plent pou odyans pou pwosedi regilye a ak pwosedi plent Eta a? 22
Kijan pou m depoze yon plent Eta? 22
Kijan Depatman an jere plent Eta mwen an? 23

Fason pou Disipline Timoun ki Gen Andikap **24**
Èske yo kapab voye pitit mwen ale oswa mete l deyò? 24
Èske pitit mwen an ap resevwa sèvis pandan yo voye l ale oswa mete l deyò lekòl la? 24
Kisa yon chanjman plasman edikatif pou rezon disiplinè ye? 24
Ki mezi lekòl la dwe pran pou l chanje plasman edikatif pitit mwen an pou rezon disiplinè? 25
Kisa k ap pase nan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon? 25

E si move konpòtman an te gen rapò ak andikap pitit mwen an? 25
E si move konpòtman an pa te gen rapò ak andikap pitit mwen an? 26
Èske genyen sikonstans espesyal kote yo kapab mete pitit mwen an nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa? 26
Èske genyen lòt rezon ki ka fè yo mete pitit mwen an nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa? 26
Kisa yon odyans pou pwosedi regilye akselere ye? 26
Èske plasman edikatif pitit mwen an chanje pandan pwosedi regilye akselere a? 27
Èske pitit mwen an gen pwoteksyon si yo pa t idantifye li oparavan antanke yon timoun ki bezwen sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki an rapò ak li yo? 27
Èske lekòl la kapab siyale konpòtman pitit mwen an bay lapolis? 28

Timoun ki Frekante Lekòl Prive yo **28**
Kilè yo dwe ranbouse paran yo pou ekolaj yo peye nan lekòl prive? 28
Kilè yo ka redui oswa refize ranbousman frè lekòl prive yo? 28
Kilè yo pa kapab redui ni refize ranbousman? 29

Anèks **A-i**
Demann Fòm Medyasyon pou Edikasyon Espesyal A-1
Fòm Plent pou Pwosedi Regilye ak Demann Odyans pou Pwosedi Regilye A-2
Fòm Plent Eta konsènan Edikasyon Espesyal A-3

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Espesyal

Garanti Pwosediral Delaware

Dwa Paran ak Timoun yo genyen nan zafè Edikasyon Espesyal

Selon Pati B nan Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo, ak Règleman Eta ak Règleman Federal ki Kontwole Edikasyon Espesyal

Garanti Pwosediral

Kisa Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal ye?

Enfòmasyon sa yo bay ou menm antanke paran, responsab legal, ak paran ranplasan pou zafè edikasyon timoun ki gen andikap, yon apèsi dwa ou genyen nan zafè edikasyon, yo rele pafwa Garanti Pwosediral. Enfòmasyon sa yo se Avi ou pou Garanti Pwosediral (Avi), jan Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), règleman Eta ak règleman federal ki kontwole zafè bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki an rapò yo mande sa. Yo bay elèv ki genyen dwa sa yo lè yo gen dizwit (18) lane Avi sa a tou.

Kilè yo bay Avi pou Garanti Pwosediral la?

Fòk yo ba w Avi pou Garanti Pwosediral sa a omwen yon (1) fwa pa ane lekòl; epi:

(1) Premye fwa yo refere pitit ou a pou l sibi yon evalyasyon pou edikasyon espesyal;

(2) Nenpòt lè ou mande pou pitit ou a resevwa yon evalyasyon pou edikasyon espesyal;

(3) Premye fwa ou depozeyon plent pou pwosedi regilye oswa plent Eta pandan yon ane lekòl;

(4) Chak fwa ou mande yon kopi Avi pou Garanti Pwosediral la;

(5) Nan chak reyinyon Ekip IEP; epi

(6) Nenpòt lè lekòl la pran yon desizyon[1] pou l chanje plasman edikatif pitit ou a paske li pa respekte kòd kondwit lekòl la (si pitit ou a gen dwa pou pwoteksyon disiplinè yo prevwa nan IDEA a).

Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la disponib tou nan lyen sa a: https://education.delaware.gov/legacy/home/instruction-and-assessment/exceptional-children/special-education/for-families/rights-and-disputes/

[1] Yo itilize tèm lekòl la nan tout Avi sa a pou dekri nenpòt ajans edikasyon piblik ki responsab pou bay pwogram edikasyon espesyal pou pitit ou a, san wete lekòl piblik endepandan yo ak distri lekòl yo.

Enfòmasyon Jeneral

Kisa Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) la ye?

IDEA a se yon lwa federal ki mande lekòl yo pou yo bay timoun ki gen andikap yo yon edikasyon piblik adapte ki gratis. Yo rele yon edikasyon piblik adapte ki gratis la FAPE. Sa vle di se yon edikasyon espesyal ki fèt espesyalman pou pitit ou a yo ba li atravè yon pwogram edikasyon espesyalize, oswa IEP, anba sipèvizyon leta gratis. Fòk yo pèsonalize FAPE la pou l ka reponn ak bezwen inik pitit ou a, ede l reyalize pwogrè reyèl selon potansyèl li epi ofri yon aprantisaj enpòtan.

Ki kèk tèm edikasyon espesyal moun itilize souvan?

Se ekip IEP a ki elabore IEP pitit ou a nan yon reyinyon Ekip IEP yo òganize omwen yon fwa pa ane avèk paran yo. Fòk IEP a gen ladan l kèk dispozisyon obligatwa, tankou yon nivo aktyèl rezilta nan lekòl ak pèfòmans fonksyonèl pitit ou a, objektif anyèl ki mezirab yo, yon deklarasyon ki di sèvis ak sipò espesyalize pitit ou a bezwen, yon lis amenajman ki nesesè pou kou yo ak tès, ak yon eksplikasyon sou kantite tan pitit ou a pa pral patisipe nan kou ansèyman regilye yo. Fòk lekòl la bay rapò regilye sou pwogrè pitit ou a fè pou l atenn objektif IEP yo. Fòk yo bay sèvis edikasyon espesyal yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an, oswa LRE, sa ki vle di pitit ou a ta dwe suiv kou epi patisipe nan lòt aktivite yo avèk timoun ki pa gen andikap yo otank posib, etandone bezwen pitit ou a genyen nan zafè edikasyon. Antanke paran, ou kapab bay oswa refize bay konsantman ou anvan lekòl la pran kèk mezi.

Ki kote mwen kapab jwenn plis èd?

Lè w gen yon enkyetid konsènan edikasyon pitit ou a, li enpòtan pou w rele oswa kontakte pwofesè pitit ou a oswa administrasyon an pou w pale sou pitit ou a ak nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen. Pèsonèl nan lekòl pitit ou a kapab reponn kesyon sou edikasyon li, dwa ou genyen, ak garanti pwosediral yo. Lè w gen yon enkyetid, chita pale avèk pèsonèl lekòl la ka rezoud pwoblèm lan epi ede kenbe yon kominikasyon ki transparan.

Epitou, ou ka kontakte sipèvizè edikasyon espesyal pou distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan ki nan zòn ou an. Pa bliye, Règleman Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) ki kontwole edikasyon espesyal la disponib nan lyen sa a: http://regulations.delaware.gov/AdminCode/title14/900/index.shtml

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis edikasyon espesyal yo, ou ka kontakte:

Direktè, Resous pou Timoun Espesyal
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388
https://education.delaware.gov/

Gen lòt enfòmasyon ki disponib lè w kontakte:

Parent Information Center of Delaware, Inc.

Sitwèb: www.picofdel.org

Imèl: picofdel@picofdel.org

Biwo Konte New Castle:
404 Larch Circle
Wilmington, DE 19804
Telefòn: (302) 999-7394
Faks: (302) 999-7637
Nimewo Gratis: (888) 547-4412

Biwo Konte Kent:
1675 S. State Street
Dover, DE 19901
Faks: (302) 999-7394
Nimewo Gratis: (888) 547-4412

Biwo Konte Sussex:
221 High Street, Unit 106B
Seaford, DE 19947
Nimewo Gratis: (888) 547-4412

Patenarya Edikasyon Espesyal pou Rezolisyon Kòdyal Konfli (Special Education Partnership for the Amicable Resolution of Conflict, SPARC)

Sitwèb: www.udel.edu/academics/colleges/biden-school/research-public-service/ipa/public-service/crp/sparc/

Imèl: sparc-info@udel.edu

Pwogram Rezolisyon Konfli
177 Graham Hall
Enstiti Administrasyon Piblik
Universite Delaware
Newark, DE 19716

Telefòn: (302) 831-8158

Disability Rights Delaware, Community Legal Aid Society, Inc.

Sitwèb: http://www.declasi.org/disabilities-law-program/

Konte New Castle:
100 West Tenth Street, Suite 801
Wilmington, DE 19801
Telefòn: (302) 575-0660
(302) 575-0696 (TTY/TDD)
Nimewo Gratis: (800) 292-7980

Konte Kent:
840 Walker Road
Dover, DE 19904
Telefòn: (302) 674-8500
(302) 674-9430 (TTY/TDD)
Nimewo Gratis: (800) 537-8383

Konte Sussex:
Georgetown Professional Park
20151 Office Circle
Georgetown, DE 19947
Telefòn: (302) 856-0038
(302) 856-7491 (TTY/TDD tou)
Nimewo Gratis: (800) 462-7070

Delaware Volunteer Legal Services, Inc.

Sitwèb: https://www.dvls.org/

Imèl: tventresca@dvls.org

Nimewo Telefòn pou Wilmington: (302) 478-8680

Nimewo Telefòn pou Konte Sussex oswa Kent: (888) 225-0582

Patisipasyon Paran nan Reyinyon yo

Kijan yo pran desizyon sou bezwen pitit mwen an genyen nan zafè edikasyon espesyal?

Yo pran desizyon sou bezwen ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou a nan reyinyon Ekip yo. Antanke paran yon timoun ki gen yon andikap, ou gen dwa pou w patisipe nan reyinyon ki vize detèmine si pitit ou a gen yon andikap, evalye bezwen pitit ou a genyen nan zafè edikasyon espesyal, deside si pitit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal, elabore, egzamine, ak/oswa revize IEP pitit ou a, epi chwazi plasman edikatif pitit ou a.

Kisa yon reyinyon Ekip IEP ye?

Yon Ekip IEP se yon gwoup moun kalifye ki reyini regilyèman nan reyinyon Ekip IEP yo pou yo pran desizyon sou IEP pitit ou a. Ekip IEP a gen ladan l:

(1) Paran timoun nan;

(2) Omwen youn nan pwofesè edikasyon regilye pitit ou a;

(3) Omwen youn nan pwofesè edikasyon espesyal pitit ou a;

(4) Yon reprezantan lekòl ki gen otorite pou angaje resous lekòl la epi asire yo bay sèvis ki nan IEP pitit ou a;

(5) Yon moun ki gen ekspètiz pou l entèprète rezilta evalyasyon pitit ou a;

(6) Timoun nan, lè sa nesesè; epi

(7) Pwofesè ansèyman teknik ak pwofesyonèl pitit ou a, oswa kowòdonatè anseyan teknik ak pwofesyonèl, si pitit ou a ap, oswa ka ap, patisipe nan yon pwogram ansèyman pwofesyonèl ak teknik.

Ou ka envite lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan pitit ou a patisipe nan yon reyinyon Ekip IEP. Epitou, ou ka mande pou nenpòt pwofesè, asistan, ak pèsonèl anplis prezan nan yon reyinyon Ekip IEP.

Kijan pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP pitit mwen an?

Ou gen dwa pou w patisipe nan chak reyinyon Ekip IEP pou pitit ou a paske ou konnen pwen fò, objektif, ak bezwen pitit ou a genyen, epi kontribisyon ou enpòtan. Si w pa kapab patisipe nan yon reyinyon Ekip IEP fas-a-fas, lekòl la dwe itilize lòt mwayen pou li asire l ou patisipe, tankou apèl telefòn pèsonèl oswa kolektif oswa videyo konferans.

Ou gen dwa tou pou w gen yon entèprèt, tradiktè, oswa entèprèt lang siy lekòl la ba ou gratis ti cheri, si sa nesesè.

Ekip IEP a dwe garanti patisipasyon w lan nan ba w yon kesyonè anvan reyinyon Ekip IEP a kòmanse. Kesyonè a mande enfòmasyon sou pwogrè pitit ou a, ak mezi yo pwopoze ou ta dwe pran pou w adapte objektif, pwogram, sèvis, èd, modifikasyon, ak lòt eleman nan IEP pitit ou a.

Mete sou sa, si Ekip IEP a prepare yon bouyon IEP pitit ou a anvan reyinyon an, Ekip IEP a dwe ba w yon kopi IEP a avèk yon lèt ki di aklè IEP a se sèlman yon bouyon yo pral chita pale sou li epi yo ka revize li.

Anvan reyinyon Ekip IEP a, ou ka mande tou nenpòt done lekòl la genyen ki gen rapò ak bezwen oswa andikap pitit ou a, pou mete nan tès ki fèt nan sal klas ak tès ki fèt nan kad fòmasyon, done sou konpòtman, rapò sou sèvis ki an rapò ak yo, ak done ki gen pou wè ak pwogrè pitit ou a fè nan kad entèvansyon ki baze sou prèv yo.

Èske lekòl la kapab òganize yon reyinyon Ekip IEP si mwen pa kapab patisipe?

Lekòl la kapab òganize yon reyinyon Ekip IEP si w pa kapab patisipe, men sèlman si lekòl la kapab pwouve li te fè jefò pou l te pwograme l nan yon lè ak yon kote ki bon pou nou toude epi li te eseye konvenk ou patisipe ladan l. Fòk dosye yo montre rejis detaye pou apèl telefòn ki fèt ak rezilta apèl yo, kopi korespondans ki ale ak repons ki vini, rejis detaye pou vizit ki fèt lakay paran an oswa plasman nan travay, ak rezilta vizit yo.

Èske tout manm nan Ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an?

Tout manm ki enpòtan nan Ekip IEP a dwe patisipe nan tout reyinyon Ekip IEP a, sof si ou bay konsantman alekri pou pèmèt yon manm enpòtan nan Ekip IEP a pa patisipe. Genyen de (2) sikonstans kote yon lekòl ka mande konsantman w pou pèmèt yon manm nan Ekip IEP a pa patisipe nan yon reyinyon:

(1) Si yo pa abòde ni modifye domèn manm ki enpòtan nan Ekip IEP a nan reyinyon an, lekòl la ka mande w konsantman alekri ou an pou pèmèt manm Ekip sa a pa patisipe nan reyinyon an, an antye oswa an pati. Si w aksepte pou yo pèmèt manm Ekip la pa patisipe, ou dwe bay lekòl la konsantman alekri. Epitou, ou gendwa refize bay konsantman, epi manm Ekip sa a dwe patisipe nan reyinyon an oswa yo ka oblije repwograme reyinyon an.

(2) Si yo pa abòde ni modifye domèn manm ki enpòtan nan Ekip IEP a nan reyinyon an, lekòl la ka mande w konsantman alekri ou an pou pèmèt manm sa a pa patisipe nan reyinyon an, an antye oswa an pati. Anvan reyinyon an, manm Ekip yo pèmèt pa patisipe a dwe di paran an ak Ekip IEP a alekri sa li panse nan kad elaborasyon IEP a. Si w aksepte pou yo pèmèt manm Ekip la pa patisipe, ou dwe bay lekòl la konsantman alekri. Epitou, ou gendwa refize bay konsantman, epi manm Ekip lan dwe patisipe nan reyinyon an oswa yo ka oblije repwograme reyinyon an.

Avi pou Reyinyon Ekip IEP a

Kijan yo ap enfòme m pou m patisipe nan yon reyinyon Ekip IEP?

Lekòl la dwe pran mezi pou li asire l ou prezan nan chak reyinyon Ekip IEP pou pitit ou a epi ba w okazyon pou w patisipe ladan l. Fòk lekòl la pwograme reyinyon an nan yon dat ak lè ki bon pou nou toude, epi voye ba ou avi alekri pou reyinyon Ekip IEP a omwen dis (10) jou lekòl anvan reyinyon an (epi omwen senk (5) jou lekòl anvan yon reyinyon pou detèmine si konpòtman a lye ak andikap) pou asire w ap gen opòtinite pou w patisipe.

Ki enfòmasyon Avi pou Reyinyon an genyen ladan l?

Men sa Avi pou Reyinyon a dwe di:

(1) Objektif, lè, ak kote reyinyon an ap fèt, epi ki moun ki ap prezan ladan l;

(2) Enfòme w sou dwa w genyen pou envite lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal sou pitit ou a nan reyinyon an;

(3) Enfòme w sou dwa w genyen pou mande pou gen pwofesè, asistan, ak lòt manm pèsonèl ki prezan nan reyinyon an;

(4) Enfòme w sou dwa w genyen pou mande nenpòt done, anvan reyinyon Ekip IEP a, tankou tès ki fèt nan sal klas ak tès ki fèt nan kad fòmasyon, oswa done sou konpòtman, rapò sou sèvis ki an rapò ak yo, ak done ki gen pou wè ak pwogrè pitit ou a fè nan kad entèvansyon ki baze sou prèv, ki nan men lekòl la epi ki gen rapò ak bezwen epi andikap pitit ou a.

(5) Pou yon timoun ki gen yon andikap, apati premye IEP ki antre an vigè lè timoun nan gen katòz (14) lane oswa antre nan klas uityèm (8yèm) ane, oswa mwens si Ekip IEP a jije li apwopriye, avi a dwe di objektif reyinyon an se ap egzamine objektif apre lekòl segondè yo ak sèvis tranzisyon yo pou timoun nan, epi fòk yo ekri yon lèt pou yo envite timoun lan nan reyinyon an.

Mete sou sa, gen yon rezime Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la nan Avi alekri pou Reyinyon an.

Avi ki Ekri Alavans

Kijan y ap enfòme m sou desizyon ki gen rapò ak pwogram edikasyon espesyal pitit mwen an?

Lekòl la dwe enfòme w sou desizyon enpòtan l ap pran sou pwogram edikasyon espesyal pitit ou a lè w ba ou yon avi ki ekri alavans ou kapab konprann epi ki fèt nan lang ou pale a oswa nan yon lòt fason ou kapab kominike. Objektif avi a se ba ou ase enfòmasyon pou pèmèt ou konprann sèvis edikasyon espesyal la ak sèvis ki gen rapò ak li yo lekòl la ap pwopoze oswa refize bay epi eksplike rezon ki fè yo pran desizyon an epi li ba w yon okazyon pou chèche rezoud nenpòt litij atravè medyasyon, oswa nan depoze yon plent Eta, oswa plent pou pwosedi regilye.

Kilè yo ap ban mwen Avi ki Ekri Alavans lan?

Fòk yo ba w avi a omwen dis (10) jou lekòl anvan lekòl la pwopoze (oswa refize) pou lanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif pitit ou a, oswa bay yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye. Si lekòl la ap deplase pitit ou a pou zafè disiplin, li dwe di ou sa omwen senk (5) lekòl anvan li fè chanjman an.

Ki enfòmasyon Avi ki Ekri Alavans lan ap ban mwen?

Avi ki Ekri Alavans ap:

(1) Dekri mezi lekòl la ap pwopoze oswa refize a;

(2) Eksplike rezon ki fè lekòl la pwopoze oswa refize mezi a;

(3) Dekri chak evalyasyon, pwosedi, tès, dosye oswa rapò lekòl la te itilize kòm baz pou mezi li pwopoze oswa refize a;

(4) Dekri nenpòt lòt opsyon Ekip IEP a te egzamine ak rezon ki fè yo te refize opsyon sa yo;

(5) Dekri nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak mezi yo pwopoze oswa refize;

(6) Gen ladan l yon deklarasyon ki eksplike dwa w genyen pou gen garanti pwosediral yo; epi

(7) Gen ladan l moun pou w kontakte pou ede w konprann IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon Delaware a;

Mete sou sa, gen yon rezime Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la nan Avi ki Ekri Alavans lan.

Èske mwen kapab resevwa avi a nan imèl?

Si lekòl ou a bay paran yo chwa pou yo resevwa dokiman yo nan imèl, ou ka chwazi resevwa Avi pou Reyinyon an, Avi ki Ekri Alavans lan, ak Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal la nan Imèl.

Konsantman Paran

Kisa konsantman paran an ye?

Antanke paran yon timoun ki gen yon andikap, ou gen dwa pou bay oswa refize bay konsantman ou pou kèk mezi lekòl la pwopoze. Konsantman vle di ou byen konnen enfòmasyon ki gen rapò ak mezi lekòl la pwopoze a, epi ou konprann epi aksepte, alekri, mezi li pwopoze a.

Kilè konsantman paran mwen an obligatwa?

(1) **Anvan Premye Evalyasyon Edikasyon Espesyal Pitit Ou a.** Lekòl la dwe jwenn konsantman eklere ou alekri anvan li kontinye avèk premye evalyasyon edikasyon espesyal pitit ou a. Lekòl la dwe fè jefò ki rezonab pou li jwenn konsantman eklere ou pou yon premye evalyasyon pou l detèmine si pitit ou a gen yon andikap. Men, lefètke w bay konsantman w pou premye evalyasyon an, sa pa vle di ou te bay konsantman w tou pou lekòl la kòmanse bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki an rapò yo atravè yon IEP.

(2) **Anvan Yon Lòt Evalyasyon Pitit Ou A pou Edikasyon Espesyal.** Lekòl la dwe montre li te fè tantativ ki rezonab pou l jwenn konsantman ou. Si w pa reyaji fas ak tantativ sa yo, lekòl la ka rapousuiv avèk lòt evalyasyon an san konsantman ou.

(3) **Anvan Pitit Ou a Resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal yo pou Premye Fwa.** Fòk ou bay konsantman eklere w alekri anvan lekòl la bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal yo ak sèvis ki an rapò yo atravè yon IEP pou premye fwa.

Èske mwen kapab refize oswa anile konsantman paran an?

Si w refize bay konsantman pou yon premye evalyasyon oswa yon lòt evalyasyon, lekòl la ka kontinye chèche evalyasyon yo lè l mande yon konferans pou medyasyon avèk ou oswa gras ak demach odyans pou pwosedi regilye a.

Si w refize bay konsantman pou pitit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki an rapò ak li yo atravè yon IEP pou premye fwa, oswa si w pa reponn lè yo mande w bay konsantman sa a, lekòl la pa oblije fè yon reyinyon Ekip IEP ni elabore yon IEP pou pitit ou a. Mete sou sa, lekòl la ka pa itilize medyasyon ni demach odyans pou pwosedi regilye a pou l jwenn akò ou oswa yon desizyon ki di li ka bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo.

Ou kapab anile konsantman ou bay pou li kontinye bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo a nenpòt moman. Men, fòk ou fè anilasyon w lan alekri epi pote l bay lekòl la. Kòm repons, lekòl la dwe sispann bay pitit ou a tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo, men l ap fè sa sèlman apre li fin ba w yon avi ki ekri alavans konsènan chanjman ki fèt nan plasman ak sèvis edikatif pitit ou a.

Konsantman ou pa obligatwa pou yo verifye enfòmasyon ki deja la yo nan kad pwosesis evalyasyon an oswa pou bay tès yo pase tout timoun yo (sof si konsantman an obligatwa pou tout timoun). Ou pa oblije bay konsantman ou pou okenn aktivite epi ou ka anile l a nenpòt moman. Men, lè w anile konsantman ou, sa pa anile okenn mezi yo te pran pandan lekòl la te genyen konsantman ou.

Lefètke w refize bay konsantman w pou yon sèvis oswa aktivite, lekòl la pa ka refize ni ou menm ni pitit ou a okenn lòt sèvis, avantaj, oswa aktivite.

E si se Eta a ki responsab timoun nan?

Si timoun nan sou kont Eta a epi li p ap viv avèk okenn nan paran yo, lekòl la pa bezwen konsantman yon paran pou l fè yon premye evalyasyon si:

(1) Lekòl la pa kapab lokalize paran an apre l fin fè jefò ki rezonab pou li jwenn li;

(2) Dwa paran yo anile selon lwa Eta a; oswa

(3) Gen yon jij ki bay yon moun ki pa paran an dwa pou l pran desizyon nan zafè edikasyon, epi moun yo nonmen pou reprezante timoun nan bay konsantman li pou yon premye evalyasyon.

Randevou avèk Paran Ranplasan pou zafè Edikasyon

E si yo pa kapab idantifye ni lokalize paran an?

Fòk lekòl yo asire yo gen yon moun ki gen responsablite pou l aji antanke paran ranplasan pou timoun ki gen andikap la lè yo pa kapab idantifye paran an, epi lekòl la pa detèmine kote paran an ye. Yo ka nonmen yon paran ranplasan tou si yo detèmine timoun nan se yon timoun ki sou kont Eta a, li se yon jèn moun sanzabri ki pa gen moun akonpaye l, oswa li sou responsablite Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi yo.

Ki wòl yon paran ranplasan jwe?

Yon paran ranplasan reprezante timoun lan nan tout koze ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon, ak plasman edikatif timoun nan epi ba li yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye. Fòk paran ranplasan an familyarize li avèk pakou eskolè ak bezwen timoun nan, fòk li kenbe dosye lekòl timoun nan sekrè, epi fòk li patisipe nan elaborasyon IEP timoun nan. Paran ranplasan an ka bay oswa refize bay konsantman l pou premye evalyasyon oswa plasman timoun nan, epi li egzamine ak evalye pwogram edikasyon espesyal ki disponib pou timoun nan. Mete sou sa, paran ranplasan an responsab pou mande medyasyon, oswa depoze yon plent Eta, oswa plent pwosedi regilye, lè sa nesesè. Depatman an fòme paran ranplasan yo sou lwa Eta ak lwa federal ki gen pou wè ak edikasyon timoun ki gen andikap yo.

Kijan yo nonmen yon paran ranplasan?

Lekòl yo gen responsablite pou yo idantifye ak lokalize timoun ki ka bezwen yon paran ranplasan epi yo dwe soumèt yon demann bay Depatman an byen vit pou nonmen yon paran ranplasan, lè sa nesesè. Answit, Depatman an ap nonmen yon paran ranplasan ki gen konesans ak konpetans pou li reprezante timoun nan kòmsadwa. Fòk paran ranplasan an gen omwen dizwit (18) lane epi fòk li pa gen okenn enterè ki antre an konfli avèk enterè timoun nan. Paran ranplasan an pa kapab yon anplwaye distri lekòl la, lekòl piblik endepandan an, ni Depatman an, oswa nenpòt lòt ajans ki enplike nan swen oswa edikasyon timoun nan.

Kilè wòl yon paran ranplasan fini?

Depatman an ka mete fen nan wòl yon paran ranplasan jwe si li detèmine timoun nan pa bezwen yon paran ranplasan ankò. Yo ka mete fen nan wòl paran ranplasan an tou si li pa fè travay li kòmsadwa oswa si li pa rive kenbe enfòmasyon yo sekrè.

Yon jèn moun ki gen ant dizwit (18) ak vennde (22) lane ka toujou jwenn èd si yo nonmen yon reprezantan edikatif pou li. Sof si yon tribinal deklare li pa konpetan, jèn moun nan gen dwa pou l gen yon reprezantan edikatif oswa pou l refize nonmen yon reprezantan edikatif. Jèn moun nan gen dwa pou l patisipe nan chwazi yon reprezantan edikatif epi pou li mete fen nan sèvis paran ranplasan an.

Evalyasyon yo

Kisa yon evalyasyon ye?

Yon evalyasyon se yon pwosesis yo itilize pou detèmine si pitit ou a gen yon andikap epi si l bezwen sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo. Nan kad pwosesis la, yo egzamine tout enfòmasyon ki konsène pitit ou a, tankou tès, obsèvasyon ak tout detay paran yo bay. Yo ka pa itilize yon sèl mezi oswa tès pou detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo. Pou pi piti de (2) sous done obligatwa. Fòk se yon moun ki gen fòmasyon ak konesans pou bay chak tès. Epitou, li dwe gen kalifikasyon pou l mennen tès la gras ak lisans oswa sètifikasyon pwofesyonèl li.

Ki delè yo bay pou fin fè yon evalyasyon?

Lekòl la dwe fin fè yon premye evalyasyon nan espas karannsenk (45) jou lekòl, oswa katrevendis (90) jou ouvrab, nenpòt sa ki pi piti an, apre li fin resevwa konsantman alekri ou pou l fè evalyasyon an.

Fòk li fè yon lòt evalyasyon omwen yon fwa chak twa (3) lane, sof si ou menm ak lekòl la dakò pou n di yon lòt evalyasyon pa nesesè. Ka gen yon lòt evalyasyon ki fèt anvan (3) lane yo men sèlman yon fwa pa ane, sof si ou menm ak lekòl la dakò.

Si w mande evalye pitit ou a, men lekòl la refize fè evalyasyon an, fòk lekòl la ba w yon avi ki ekri alavans pou l eksplike rezon ki fè li refize fè evalyasyon an.

Evalyasyon Edikatif Endepandan

Èske lekòl la kapab peye yon moun ki pa fè pati lekòl la pou fè l evalye pitit mwen an?

Evalyasyon edikatif endepandan vle di yon evalyasyon yon egzaminatè kalifye ki pa yon anplwaye lekòl la fè. Si w pa aksepte pou lekòl la evalye pitit ou a, ou gen dwa pou mande epi jwenn yon evalyasyon edikatif endepandan pou pitit ou a epi lekòl la ap peye frè yo, sou baz kondisyon ki vini annapre yo:

Si ou mande yon evalyasyon endepandan pou pitit ou a sou baz depans piblik, lekòl la dwe fè youn nan demach ki pi ba yo: (1) depoze yon plent pwosedi regilye pou l mande yon odyans pou l montre evalyasyon li an te apwopriye, oswa (2) peye yon moun ki pa fè pati lekòl la pou fè evalyasyon an.

Si lekòl la depoze yon plent pwosedi regilye pou l mande yon odyans epi desizyon definitif la di evalyasyon lekòl la apwopriye, ou toujou gen dwa pou w mande yon evalyasyon endepandan, men se pa lekòl la k ap peye l.

Fòk lekòl la reponn demann ou fè pou evalyasyon endepandan an epi li dwe di w kote pou w jwenn li. Lekòl la ka mande w poukisa ou pa vle evalyasyon li an, men ou pa oblije ba li okenn eksplikasyon. Fòk Ekip IEP konsidere evalyasyon endepandan yo lè y ap pran desizyon sou edikasyon piblik gratis ki apwopriye pou pitit ou a. Ou menm oswa lekòl la ka prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans pou pwosedi regilye konsènan timoun ou an.

Lekòl la pa ka pran twòp tan pou l bay evalyasyon edikatif endepandan an ni tanmen yon odyans pou li defann pwòp evalyasyon pa li an. Si lekòl la mande yon odyans epi li prime, ou toujou gen dwa pou w mande yon evalyasyon endepandan, men se pa lekòl la k ap peye l.

Kisa ou bezwen pou fè yon evalyasyon endepandan?

Si lekòl la peye pou fè yon evalyasyon endepandan, fòk kritè evalyasyon an menm ak kritè lekòl la itilize lè li tanmen yon evalyasyon, tankou kote evalyasyon an ap fèt ak kalifikasyon evalyatè a. Sinon, lekòl la pa ka enpoze lòt kondisyon oswa delè pou w jwenn evalyasyon endepandan lekòl la ap peye.

Ou gen dwa pou jwenn yon sèl evalyasyon endepandan pou pitit ou a kote lekòl la peye chak fwa lekòl la fè yon evalyasyon pou pitit ou a ou pa aksepte.

Elijiblite

Kijan yo detèmine elijiblite a?

Depi evalyasyon an fin fèt, se ou menm ansanm ak yon gwoup pwofesyonèl kalifye ki detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo. Yo ka twouve pitit ou a ka elijib pou sèvis edikasyon espesyal la ak sèvis ki gen rapò ak li yo si li reponn ak kritè pou youn (1) oswa plizyè klasman edikatif, andikap la fè efè negatif sou rannman pitit ou a nan lekòl, epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo. Genyen douz (12) klasman edikatif ki gen kritè elijiblite ki dekri nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware, tankou: otis, reta devlopmantal, soud ak avèg, twoub emosyonèl, pwoblèm pou tande, twoub aprantisaj espesifik, twoub entèlektyèl, pwoblèm òtopedik, lòt pwoblèm sante, pwoblèm lapawòl oswa langaj, chòk nan sèvo, ak pwoblèm je san wete avègleman.

Fòk lekòl la ba w yon rapò sou rezime evalyasyon an ak dokiman elijiblite a gratis, san wete sa Ekip la te di konsènan detèminasyon elijiblite a.

Pwogram Edikasyon Pèsonalize

Kisa yon IEP ye?

Yon IEP se yon plan alekri ki dekri fason yo ap bay pwogram edikasyon espesyal pitit ou a ak sèvis ki gen pou wè ak li yo nan kad yon sèten plasman oswa etablisman lekòl. Fòk lekòl la ba w yon kopi IEP pitit ou a gratis.

Epitou, fòk la òganize yon reyinyon Ekip IEP pou l elabore IEP pitit ou a nan espas trant (30) jou sivil apre li fin detèmine pitit ou a elijib pou li benefisye sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo. Kou yo fin elabore IEP a, fòk yo aplike l san pèdi tan epi egzamine li omwen yon fwa pa ane nan yon reyinyon Ekip IEP.

Fòk IEP pitit ou a dekri nivo akademik aktyèl li ak pèfòmans fonksyonèl li, bezwen espesifik li genyen nan zafè ansèyman, sèvis ak sipò li resevwa, epi li dwe di w konbyen tan pitit ou a fè san l pa patisipe nan kou regilye yo. Fòk IEP a genyen objektif anyèl ki mezirab tou.

Fòk lekòl la asire li chak pwofesè nan domèn ansèyman regilye, pwofesè edikasyon espesyal, founisè sèvis ki an rapò yo, ak nenpòt lòt moun ki responsab pou aplike IEP a kapab jwenn IEP pitit ou a.

Fòk lekòl la asire li chak pwofesè konnen wòl yo jwe nan sa ki gen pou wè ak aplike IEP pitit ou a epi yo konprann egzakteman aranjman, modifikasyon ak sipò pitit ou a bezwen.

Planifikasyon Tranzisyon pou Granmounite

Kisa planifikasyon tranzisyon an ye?

Planifikasyon tranzisyon an se yon demach pou ede pitit ou a soti nan anviwònman lekòl la pou li vin endepandan, epi li gen ladan l Ekip IEP a, paran yo, pèsonèl lekòl la, ak pèsonèl nan lòt ajans piblik yo. Fòk planifikasyon tranzisyon an fè pati IEP pitit ou a lè li gen katòz (14) lane oswa lè l antre nan klas uityèm (8yèm) ane, oswa lè li pi piti si Ekip IEP li an jije planifikasyon tranzisyon an nesesè.

Nenpòt lè y ap mete planifikasyon tranzisyon an nan IEP pitit ou a, fòk lekòl la voye yon envitasyon alekri bay pitit ou a pou l ka patisipe nan reyinyon Ekip IEP a. Si pitit ou a pa patisipe nan reyinyon Ekip IEP a, lekòl la dwe pran mezi pou l asire li konsidere preferans ak enterè pitit ou a.

Men ki eleman kle planifikasyon tranzisyon nan IEP a gen ladan l:

(1) Objektif apre lekòl segondè ki mezirab, ki baze sou evalyasyon tranzisyon ki adapte ak laj epi ki gen pou wè ak fòmasyon, edikasyon, travay, epi si sa nesesè, konpetans ki nesesè pou viv an granmoun;

(2) Sèvis ak aktivite tranzisyon, tankou pwogram etid, pou ede pitit ou a atenn objektif li yo; epi

(3) Pwen fò pitit ou a, enterè li, ak preferans li apre lekòl segondè, epi li genyen pou l enskri nan lekòl segondè ak pwogram ansèyman teknik ak pwofesyonèl.

Fòk lekòl la bay rapò regilye sou pwogrè pitit ou a fè pou l atenn objektif apre lekòl segondè li yo ak sèvis tranzisyon yo dekri nan IEP a.

Transfè Dwa Lè Timoun nan Vin Majè

Ki dwa mwen genyen lè pitit mwen an vin gen dizwit lane (18)?

Lè pitit ou a gen dizwit (18) lane, tout dwa anba lwa sou edikasyon espesyal la pral jwenn elèv majè w la, sof si yon tribinal nonmen yon responsab legal pou elèv majè w la oswa Ekip IEP a pran desizyon pou di elèv la pa gen kapasite pou li pran bon desizyon ki gen pou wè ak edikasyon. Fòk lekòl la fè ou menm ak elèv majè w la konnen lè transfè dwa a fèt omwen yon (1) lane anvan pitit ou a gen dizwit (18) lane.

Kisa pou m fè si elèv majè mwen an pa kapab pran desizyon ki gen pou wè ak edikasyon?

Yon elèv majè ki gen dizwit (18) lane epi ki gen yon andikap, men ki pa gen yon responsab legal tribinal nonmen, ta sipoze kapab pran pwòp desizyon pa li epi jwi menm dwa ak paran li. Se Ekip IEP a ki detèmine si elèv majè a ka pran pwòp desizyon pa l. Si yo pa klè sou kapasite elèv la pou l pran desizyon poukont li, yon sikològ lekòl la ki abitye ak elèv la dwe patisipe nan premye reyinyon an, epi fòk yo envite elèv la ak paran an patisipe. Ekip IEP a ka konsidere enfòmasyon ki soti nan lòt sous ki pa pèsonèl lekòl la epi yo ka otorize evalyasyon yo si sa nesesè. Si enfòmasyon yo pa klè, yo ap panse elèv la gen kapasite pou l pran desizyon poukont li.

Si Ekip IEP a detèmine elèv la manke kapasite pou l pran desizyon, li ap mande yon moun aji antanke reprezantan edikatif elèv la epi l ap kòmanse avèk yon paran byolojik oswa adoptif, osnon yon fanmi ki gen volonte epi ki disponib. Si yo pa idantifye moun sa a, Ekip IEP a ap mande Depatman an pou l nonmen yon reprezantan edikatif. Si elèv la oswa paran an pa aksepte desizyon ki pran pou detèmine kapasite a, yo ka konteste li lè yo itilize opsyon rezolisyon litij ki nan garanti pwosediral la.

Aksè nan Dosye Lekòl yo

Èske mwen kapab egzamine dosye lekòl pitit mwen an?

Ou gen dwa pou w enspekte ak egzamine dosye lekòl pitit ou a san w pa rete tann, pa egzanp, anvan yon reyinyon sou IEP pitit ou a, anvan yon odyans pou pwosedi regilye, epi anvan yon reyinyon sou rezolisyon. Lekòl la ap kite toude paran yo wè dosye yo sof si yon tribinal konpetan di lekòl la fè sa yon lòt mannyè.

Men ki dwa ou genyen konsènan dosye lekòl pitit ou a:

(1) Fòk lekòl la di w ki kalite dosye li kolekte, konsève oswa itilize konsènan pitit ou a, ak kote li konsève yo, lè w mande sa.

(2) Fòk yo kite w egzamine dosye sa yo anvan reyinyon IEP a oswa nenpòt lòt reyinyon kote idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikatif pitit ou a se yon pwoblèm, oswa anvan yon odyans.

(3) Fòk lekòl la kite w egzamine dosye yo rapid epi nan espas karannsenk (45) jou sivil apre w fin mande pou wè yo.

(4) Lè w mande enfòmasyon ki soti nan dosye yo, lekòl la pa ka mande yon frè pou chèche dosye yo.

(5) Fòk lekòl la eksplike w enfòmasyon ki nan dosye yo, si w mande sa.

(6) Lè w mande kopi dosye yo, fòk yo ba w yo nan yon pri rezonab.

(7) Lekòl la pa ka refize ba w kopi dosye yon elèv si refize a t ap anpeche w jwenn dosye yo.

(8) Lekòl la pa ka kite w wè enfòmasyon sou okenn lòt elèv sof enfòmasyon sou pitit ou a.

(9) Ou ka kite yon lòt moun egzamine dosye pitit ou a pou ou.

(10) Si w jwenn yon erè nan dosye pitit ou a, ou ka mande lekòl la chanje enfòmasyon yo epi ajoute yon deklarasyon nan dosye yo ki dekri dezakò a. Fòk lekòl la pran yon desizyon sou demann ou fè a nan yon espas tan rezonab. Si lekòl la refize chanje dosye yo jan w te mande a, fòk li di w sa epi fè w konnen ou gen dwa pou mande yon odyans pou w ka konteste dosye yo.

(11) Fòk lekòl la konsève yon dosye pou moun ki jwenn aksè nan dosye lekòl pitit ou a, san wete non moun nan, dat yo te ba li aksè a, ak rezon ki fè yo te otorize li itilize dosye yo.

(12) Avèk kèk eksepsyon, lekòl la dwe jwenn konsantman ou anvan li pibliye enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a.

(13) Lekòl ou a dwe fè w konnen lè enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a li kolekte, konsève, oswa itilize yo pa nesesè ankò pou li bay pitit ou a sèvis edikatif. Fòk li detwi enfòmasyon yo lè w mande sa. Sepandan, lekòl la gendwa konsève yon dosye pèmanan ki gen non konplè, adrès, ak nimewo telefòn timoun ou an, nòt li, dosye prezans li nan lekòl la, kou li suiv, klas li pase deja, ansanm ak ane li fini pou toutan gen tan.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou fason lekòl yo konsève dosye elèv yo ak dwa elèv ak paran yo genyen selon Lwa ane 1974 sou Dwa pou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi an (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware a.

Medyasyon

Èske m kapab mande medyasyon pou rezoud litij mwen genyen avèk lekòl la?

Wi. Depatman an ofri medyasyon pou li ede w rezoud litij ou genyen avèk lekòl la konsènan fason li bay pitit ou a edikasyon espesyal Depatman an ap ba w enfòmasyon sou sèvis medyasyon yo.

Depatman an elabore yon fòm demann medyasyon pou paran yo ranpli lè yo ap mande li sèvis medyasyon. Gen yon kopi fòm Demann Medyasyon pou Edikasyon Espesyal la nan do Avi sa a. Ou kapab jwenn fòm sa a, ansanm avèk lòt resous tankou règleman IDEA yo, règleman Eta a, ak plis enfòmasyon sou medyasyon anliy nan lyen sa a https://education.delaware.gov/legacy/home/instruction-and-assessment/exceptional-children/special-education/for-families/rights-and-disputes/.

Medyasyon se yon fason ou chwazi pou w ka rezoud litij yo. Moun ki responsab medyasyon an se yon moun ki kalifye, ki pa nan paspouki epi ki resevwa fòmasyon nan estrateji ki ede moun antann yo sou kesyon ki difisil yo. Medyasyon an pèmèt paran yo ak lekòl yo rezoud chirepit yo genyen epi jwenn solisyon ki akseptab nan respè ak kolaborasyon. Medyasyon an gratis, men toude paran yo ak lekòl la dwe dakò pou yo itilize medyasyon an anvan yo eseye li. Yo *pa* ka itilize medyasyon an pou w bloke oswa reta dwa ou genyen pou yon odyans pou pwosedi regilye.

Yo ap pwograme medyasyon an pou l fèt a tan epi li ap fèt yon kote ki bon pou ou menm ak lekòl la. Ou ka fè yon moun ou chwazi akonpaye w pou ba w konsèy nan kad medyasyon an. Si yon lekòl la enplike nan medyasyon, li dwe voye yon reprezantan distri ki gen otorite pou pran desizyon ak itilize resous yo pou sèvis li te dakò pou l bay yo. Pawòl ki pale pandan medyasyon an ap rete sekrè. Yo pa kapab itilize yo nan okenn odyans pou pwosedi regilye ni pwosedi sivil nan okenn tribinal federal oswa tribinal Delaware.

Si litij la rezoud atravè medyasyon, fòk paran yo ak lekòl la siyen yon akò jiridik. Akò a eksplike solisyon an, epi li di tout pawòl ki pale pandan medyasyon an ap rete sekrè epi yo pa ka itilize yo kòm prèv nan okenn odyans pou pwosedi regilye. Yo kapab egzekite yon akò medyasyon alekri ki siyen devan yon tribinal Eta ki konpetan oswa nan yon Tribinal Distri nan peyi Etazini.

Depatman an mete sou pye yon sistèm medyasyon volontè atravè Pwogram Rezolisyon Konfli nan Inivèsite Delaware a. Depatman an pwopoze medyasyon menm si pa gen okenn plent ki depoze nan kad yon pwosedi regilye. Ou gen dwa pou w mande medyasyon pou w rezoud yon chirepit avèk lekòl la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon, kontakte Special Education Partnership for the Amicable Resolution of Conflict (SPARC), nan Conflict Resolution Program, 177 Graham Hall, Institute for Public Administration, University of Delaware, Newark, Delaware 19716, (302) 831-8158.

Odyans pou Pwosedi Regilye

Kisa yon odyans pou pwosedi regilye ye?

Ou gen dwa pou w mande yon odyans pou pwosedi regilye san paspouki konsènan idantifikasyon, evalyasyon, ak plasman edikatif pitit ou a, oswa fason yo bay pitit ou a yon edikasyon gratis ki apwopriye. Distri lekòl yo ak lekòl piblik endepandan yo ka mande odyans tou.

Kijan pou m mande yon odyans?

Fòk ou depoze yon plent alekri pou pwosedi regilye. Men sa plent lan dwe gen ladan l:

(1) Non konplè pitit ou a;

(2) Adrès kay pitit ou a;

(3) Non lekòl pitit ou an ap frekante a;

(4) Si pitit ou a se yon timoun oswa jèn ki sanzabri, enfòmasyon pou pran kontak ak timoun nan ak non lekòl timoun nan;

(5) Yon deskripsyon nati pwoblèm nan, ki gen ladan enfòmasyon ki gen pou wè ak pwoblèm nan; ak

(6) Yon solisyon ou pwopoze pou pwoblèm nan selon sa ou konnen ak sa ki disponib pou ou.

Fòk ou depoze plent pou pwosedi regilye a nan espas de (2) lane apre dat ou te konnen oswa ta dwe te konnen swadizan aksyon ki fòme baz plent pou pwosedi regilye a. Men, egzijans sa a pa aplike si w pa t kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye nan delè sa a pou rezon ki vini annapre yo:

(1) Lekòl la te fè manti lè l te di li te rezoud pwoblèm ki fòme baz plent lan; oswa

(2) Lekòl la te kache enfòmasyon li te dwe ba ou nan kad IDEA a.

Fòk ou menm, responsab legal, oswa konseye jiridik timoun nan siyen plent lan. Fòk ou bay plent lan nan men, voye li pa lapòs, fakse l, oswa voye l nan imèl bay:

Sekretè Edikasyon
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Fòk ou voye yon kopi plent pou pwosedi regilye a tou bay lekòl la nan menm moman ou voye li bay Sekretè Edikasyon an. Depatman an elabore yon fòm pou ede paran yo depoze yon plent pou pwosedi regilye. Gen yon kopi Fòm Plent pou Pwosedi Regilye ak Demann Odyans pou Pwosedi Regilye nan do Avi sa a. Moun ki depoze plent lan ka rele tou nan (302) 735-4210 pou l mande voye fòm lan nan kourye lapòs. Ou kapab jwenn fòm sa a, ansanm avèk lòt resous tankou règleman IDEA yo, règleman Eta a, ak konklizyon afè Pwosedi Regilye yo nan lyen sa a

https://education.delaware.gov/legacy/home/instruction-and-assessment/exceptional-children/special-education/for-families/rights-and-disputes/.

Ou pa ka soulve pwoblèm nan odyans pou pwosedi regilye a ou pa endike nan plent pou pwosedi regilye a (sof si lekòl la dakò).

Lè Sekretè Edikasyon an resevwa yon plent pou pwosedi regilye, li ap nonmen yon komite odyans (oswa yon sèl ofisye odyans nan ka odyans akselere yo) epi l ap di w ki moun li nonmen. Sekretè Edikasyon an ap bay enfòmasyon tou sou asistans jiridik ki bon mache, disponiblite medyasyon, ak yon kopi Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal sa a.

E si plent pou pwosedi regilye mwen an pa gen tout enfòmasyon yo mande yo ladan l?

Pou w ka gen yon odyans pou pwosedi regilye, plent pou pwosedi regilye w la dwe gen ladan l tout enfòmasyon ki anwo yo. Yo ap konsidere plent lan kòm sifizan si lekòl la mete ou menm ak komite odyans lan okouran alekri, nan espas kenz (15) jou sivil apre l resevwa plent lan, pou l di w li pa genyen tout enfòmasyon ki nesesè yo.

Nan espas senk (5) jou sivil apre panèl odyans lan fin resevwa avi lekòl la, li dwe deside si plent pou pwosedi regilye w la genyen tout enfòmasyon ki nesesè yo epi mete ou menm ak lekòl la okouran lapoula.

Konbyen tan yon odyans pou pwosedi regilye dire?

Fòk yo òganize odyans pou pwosedi regilye epi fòk gen yon desizyon ki pran nan espas karannsenk (45) jou apre ekspirasyon peryòd rezolisyon trant (30) jou sivil la oswa delè ki ajiste, ki dekri plis an detay pi ba a.

Mete sou sa, komite odyans lan ka, pou yon rezon valab, bay delè anplis si ou menm oswa lekòl la mande sa.

Èske m kapab fè chanjman nan plent pou pwosedi regilye mwen an apre m fin depoze l?

Ou kapab chanje plent pou pwosedi regilye w la sèlman si:

(1) Lekòl la apwouve chanjman yo alekri epi yo ba li chans pou rezoud plent pou pwosedi regilye a atravè yon reyinyon rezolisyon; oswa

(2) Nan omwen senk (5) jou sivil anvan odyans pou pwosedi regilye a kòmanse, komite odyans lan otorize ou fè chanjman yo.

Si w fè chanjman nan plent pou pwosedi regilye w la, delè pou reyinyon rezolisyon an ak peryòd rezolisyon an (ki dekri pi ba a) kòmanse ankò nan dat ou depoze plent ki amande a.

Èske lekòl la dwe reponn plent pou pwosedi regilye mwen an?

Si w depoze yon plent pou pwosedi regilye epi lekòl la pa voye ba ou yon avi ki ekri alavans konsènan pwoblèm ki nan plent ou an, lekòl la dwe, nan espas dis (10) jou sivil apre l fin resevwa plent ou an, voye yon repons ba ou ki gen ladan l pwen sa yo:

(1) Yon eksplikasyon pou rezon ki fè lekòl la te pwopoze oswa refize pran mezi ou soulve nan plent pou pwosedi regilye a;

(2) Yon deskripsyon pou lòt opsyon Ekip IEP a te konsidere ak rezon ki fè yo te voye jete opsyon sa yo;

(3) Yon deskripsyon pou chak pwosedi evalyasyon, tès, dosye oswa rapò lekòl la te itilize kòm baz pou mezi yo te pwopoze oswa refize a; epi

(4) Yon deskripsyon pou lòt faktè ki gen rapò ak mezi lekòl la te pwopoze oswa refize a.

Ki dwa mwen genyen nan zafè pwosedi regilye?

Lè w mande yon odyans pou pwosedi regilye, men ki dwa ou genyen:

(1) Dwa pou w gen yon odyans ki jis ak san paspouki devan yon komite odyans ki gen twa (3) manm (oswa yon sèl ofisye odyans nan ka odyans akselere yo) Depatman an nonmen.

(2) Dwa pou yon avoka reprezante w oswa pou moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal sou timoun ki gen andikap akonpaye w ak ba w konsèy.

(3) Dwa pou w montre pwòp prèv pa w epi konfwonte ak poze temwen k ap temwanye kont ou yo kesyon.

(4) Dwa pou w egzije prezans temwen yo.

(5) Dwa pou w anpeche yo prezante prèv (tankou temwanyaj temwen yo) nan odyans lan sof si yo te montre w yo omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan.

(6) Dwa pou yo enfòme w sou evalyasyon yo ak rekòmandasyon ki soti ladan yo omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan.

(7) Dwa pou lekòl la peye pou w ka resevwa yon pwosèvèbal alekri oswa elektwonik sou odyans lan.

(8) Dwa pou w resevwa yon desizyon alekri oswa elektwonik nan men komite oswa ofisye odyans lan.

(9) Dwa pou pitit ou a prezan nan odyans lan.

(10) Dwa pou odyans lan fèt ak pòt ouvè oswa pòt fèmen.

(11) Dwa pou odyans lan fèt nan yon lè ak yon kote ki bon pou ou menm ak pitit ou a.

Ou ta dwe poze komite odyans pou pwosedi regilye a nenpòt kesyon ou genyen konsènan dwa w genyen nan kad odyans lan.

Èske plasman edikatif pitit mwen an chanje pandan pwosedi a?

Sof jan nou dekri sa pi ba a, yon timoun ki enplike nan yon odyans pou pwosedi regilye oswa pwosedi jidisyè konsènan yon plent pou pwosedi regilye dwe rete nan plasman edikatif aktyèl li an sof si ou menm ak lekòl la mete n dakò sou yon lòt aranjman. Yo souvan rele sa règ rete an plas. Si plent pou pwosedi regilye a konsène premye antre pitit ou a nan yon lekòl piblik, y ap mete li nan yon pwogram lekòl piblik grasa konsantman w jiskaske tout pwosedi yo fini.

Si plent pou pwosedi regilye a konsène yon aplikasyon pou premye sèvis yo daprè Pati B nan IDEA pou yon timoun ki ap chanje soti nan Pati C IDEA pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa elijib ankò pou sèvis Pati C yo paske timoun nan te gen twa (3) lane, lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C timoun nan t ap resevwa a. Si yo twouve timoun nan elijib daprè Pati B IDEA a epi ou bay konsantman pou timoun nan resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo pou premye fwa, lè sa a, annatandan rezilta pwosedi a, lekòl la dwe bay sèvis edikasyon espesyal sa yo ak sèvis ki gen rapò ak li ki pa nan litij la (sètadi, sèvis ou menm ak lekòl la te dakò sou yo a).
Pou fini, si komite odyans lan dakò pou di yon chanjman plasman edikatif apwopriye, y ap konsidere nouvo plasman an kòm si se te yon plasman ou menm ak lekòl la te aksepte pou nou te ka deside sou plasman edikatif pitit ou a pandan nenpòt pwosedi nan tribinal ki an rapò ak li.

Kisa yon reyinyon rezolisyon ye?

Nan espas 15 jou sivil apre lekòl la fin resevwa avi pou plent pou pwosedi regilye ou an, li dwe òganize yon reyinyon rezolisyon. Yon reyinyon rezolisyon se yon chita pale ant ou menm ak lekòl la konsènan plent pou pwosedi regilye w la. Li pèmèt ou pale sou plent ou an avèk lekòl la, epi li bay lekòl la yon okazyon pou l rezoud litij ou a.

Reyinyon rezolisyon an fèt pandan peryòd rezolisyon an. Peryòd rezolisyon an se yon peryòd trant (30) jou apre w fin depoze yon plent pou pwosedi regilye men se anvan delè odyans karannsenk (45) jou a kòmanse. Delè odyans karannsenk (45) jou a kòmanse apre peryòd rezolisyon an epi se moman yo bay pou odyans lan epi pou komite a pran yon desizyon.

Fòk ou menm ak manm ki enpòtan nan Ekip IEP pitit ou a ki gen konesans espesifik sou reyalite yo idantifye nan plent pou pwosedi regilye w la prezan nan reyinyon rezolisyon an. Ou menm ak lekòl la detèmine manm ki enpòtan nan Ekip IEP a pou patisipe nan reyinyon an. Men, fòk reyinyon an genyen ladan l yon reprezantan distri lekòl oswa lekòl piblik endepandan ki gen otorite pou pran desizyon pou distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan an. Reyinyon an pa ka gen ladan l avoka lekòl la sof si ou genyen yon avoka ki akonpaye w.

Ou menm ak lekòl la dwe patisipe nan reyinyon rezolisyon an sof si:

(1) Ou menm ak lekòl la dakò alekri pou nou anile reyinyon rezolisyon an; oswa

(2) Ou menm ak lekòl la aksepte itilize pwosesis medyasyon University of Delaware's Special Education Partnership for the Amicable Resolution of Conflict (SPARC) Conflict Resolution Program pwopoze a.

Kisa peryòd rezolisyon an ye?

Si ou menm ak lekòl la aksepte patisipe nan reyinyon rezolisyon an, delè karannsenk (45) jou sivil la ap kanpe pou bay toude pati yo yon chans pou yo rezoud litij la. Men, si lekòl la pa rezoud plent pou pwosedi regilye a yon fason ki satisfè w nan espas trant (30) jou sivil apre li fin resevwa li, delè karannsenk (45) jou sivil la rekòmanse, epi odyans pou pwosedi regilye a ka fèt. Peryòd trant (30) jou sivil la rele peryòd rezolisyon.

Kisa k ap pase si m pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an?

Si ou menm ak lekòl la pa dakò pou nou anile reyinyon rezolisyon an oswa pou nou itilize medyasyon pito, lefètke ou pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, sa ap retade delè odyans pou pwosedi regilye a. Si lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon ou nan reyinyon rezolisyon an apre li fin jefò ki rezonab pou l jwenn li, nan fen peryòd rezolisyon ki dire trant (30) jou sivil, lekòl la ka mande pou komite odyans lan voye jete plent pou pwosedi regilye w la.

Sinon, si ou menm ak lekòl la dakò alekri pou nou anile reyinyon rezolisyon an, donk delè karannsenk (45) jou sivil pou odyans pou pwosedi regilye a ap kòmanse nan demen.

Apre medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an fin kòmanse, men anvan peryòd rezolisyon trant (30) jou sivil la fini, si ou menm ak lekòl la dakò alekri pou nou di okenn akò pa posib, donk delè karannsenk (45) jou pou odyans pou pwosedi regilye a ap kòmanse nan demen.

Si ou menm ak lekòl la dakò pou nou itilize pwosesis medyasyon an nan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou sivil la, toude pati yo kapab dakò alekri pou yo kontinye medyasyon an jiskaske yo jwenn yon akò. Men, si ou menm oswa lekòl la soti nan pwosesis medyasyon an, lè sa a, delè karannsenk (45) jou sivil pou odyans pou pwosedi regilye a ap kòmanse nan demen.

E si lekòl la pa òganize reyinyon rezolisyon an?

Si lekòl la pa òganize reyinyon nan espas kenz (15) jou sivil apre l fin resevwa avi pou plent pou pwosedi regilye w la, ou ka mande komite odyans lan pou l mande pou delè odyans karannsenk (45) jou a kòmanse.

Si ou menm ak lekòl la rezoud litij nou an nan reyinyon rezolisyon an, ou menm ak lekòl la dwe elabore yon akò jiridik:

(1) Ki gen siyati ou menm ak yon reprezantan distri lekòl oswa reprezantan lekòl piblik endepandan ki gen otorite pou angaje distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan an; epi

(2) Yo kapab egzekite nan nenpòt tribinal konpetan nan Delaware oswa nan yon Tribinal Distri nan peyi Etazini.

Men, toude pati yo ka anile akò a nan espas twa (3) jou ouvrab apre yo fin siyen l.

Kisa k ap genyen nan odyans pou pwosedi regilye a?

Desizyon sou odyans pou pwosedi regilye a dwe gen ladan l desizyon tribinal la ak konklizyon dwa yo. Mete sou sa, desizyon komite odyans lan pou konnen si pitit ou a te resevwa yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye dwe baze sou motif valab. Si w di lekòl la te vyole egzijans pwosediral IDEA yo, komite odyans lan ka deside pou l di pitit ou a pa t resevwa yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye, men sèlman si vyolasyon pwosediral yo:

(1) Te anpeche pitit ou jwi dwa li genyen pou l jwenn edikasyon piblik gratis ki apwopriye;

(2) Te rann li pi difisil pou w patisipe nan desizyon ki konsène zafè bay pitit ou a yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye; oswa

(3) Te fè li pa jwenn opòtinite aprantisaj.

Ki moun ki asire li yo aplike desizyon ki soti nan odyans pou pwosedi regilye a?

Fòk yo aplike desizyon ki soti nan odyans lan nan delè ofisye odyans lan bay la, osnon si li pa bay okenn delè, nan yon delè ki rezonab. 34 CFR §§300.511-300.514.

Depatman an, selon responsablite sipèvizyon jeneral li nan kad 34 CFR §§300.149 ak 300.600, dwe asire li ajans piblik ki enplike nan odyans pou pwosedi regilye a aplike desizyon ofisye odyans lan a tan, sof si youn nan pati yo konteste desizyon an. Depatman an ap kontinye asire l yo aplike desizyon an sof si epi jiskaske yon tribinal pase lòd pou l "sispann".

Èske m kapab konteste desizyon ki soti nan odyans pou pwosedi regilye a?

Wi. Delaware se yon Eta ki ofri yon sèl nivo revizyon administratif. Se komite odyans pou pwosedi regilye a oswa ofisye odyans lan ki fè l. Desizyon ki soti nan odyans lan definitif epi tout moun dwe respekte li sof si yon moun konteste l lè pote afè a devan Tribinal Distri Etazini oswa devan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan Eta Delaware. Fòk ou konteste devan tribinal la nan espas katrevendis (90) jou sivil apati dat yo pran desizyon definitif la. Tribinal yo oswa yon avoka kapab eksplike w fason pou tanmen yon aksyon sivil.

Kiyès ki peye avoka mwen an?

Si w genyen yon odyans pou pwosedi regilye devan yon tribinal konsènan pitit ou a ki gen yon andikap, jij la kapab chwazi fè lòt pati a peye ou frè avoka ki rezonab. Frè yo dwe baze sou tarif yo pratike nan kominote kote yo te tanmen aksyon an pou mòd ak kalite sèvis yo founi yo. Yo ka redwi frè yo si:

(1) Tribinal la twouve ou menm oswa avoka w la te retade rezolisyon final pou chirepit la san rezon;

(2) Frè pa èdtan avoka w la depase tarif yo pratike nan kominote a pou menm travay la;

(3) Tan yo pase ak sèvis jiridik yo te twòp; oswa

(4) Avoka w la pa t bay enfòmasyon ki apwopriye nan demann odyans pou pwosedi regilye a.

Sepandan, yo p ap diminye frè yo si tribinal la twouve Eta a oswa lekòl la retade rezolisyon aksyon an san rezon oswa te gen yon vyolasyon seksyon garanti pwosediral la nan IDEA a.

Yo pa ka bay fè avoka yo pou nenpòt reyinyon ekip IEP a sof si yo konvoke reyinyon an akoz yon odyans pou pwosedi regilye oswa aksyon jidisyè. Yo pa konsidere yon reyinyon rezolisyon kòm yon reyinyon yo konvoke akoz yon odyans pou pwosedi regilye oswa aksyon jidisyè. Epitou, yo ka refize peye frè avoka yo si w rejte yon òf regleman ki rezonab lekòl la fè omwen dis (10) jou sivil anvan odyans lan kòmanse epi desizyon ki soti nan odyans lan pa pi favorab pase òf regleman an.

Kiyès ki peye frè avoka lekòl la?

Nan kad yon odyans pou pwosedi regilye, tribinal la ka chwazi fè avoka w la peye lekòl ki genyen an oswa Eta a frè ki rezonab si:

(1) Avoka w la te depoze yon plent oswa aksyon jidisyè ki initil, enjis, oswa san baz; oswa

(2) Avoka w la te kontinye plede alòske li te klè litij la te vini initil, enjis, oswa san baz.

Epitou, tribinal la ka bay lekòl oswa Eta ki genyen an frè avoka ki rezonab, epi fòk ou menm oswa avoka w la peye yo si tribinal la twouve ou te prezante demann ou fè pou yon odyans pou pwosedi regilye oswa aksyon jidisyè ki fèt annapre pou nenpòt rezon ki pa apwopriye, tankou pou tizonnen, pou lakoz reta ki pa nesesè, oswa pou ogmante san bezwen frè pwosedi yo.

Pwosedi pou Plent Eta

Èske gen lòt fason pou m rezoud litij ki genyen sou edikasyon pitit mwen an?

Wi. Anplis odyans pou pwosedi regilye yo ak medyasyon an, Depatman ap mennen ankèt epi rezoud plent ki gen pou wè ak vyolasyon Pati B nan IDEA a. Nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze plent Eta yo. Epitou, Depatman an dwe rezoud plent ki di yon lekòl pa respekte yon desizyon yon komite odyans pou pwosedi regilye oswa ofisye odyans te pran oparavan.

Ki diferans ki genyen ant plent pou odyans pwosedi regilye a ak pwosedi pou plent Eta a?

IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon yo etabli pwosedi apa pou plent Eta yo epi plent ak odyans pou pwosedi regilye. An jeneral, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent Eta a ki di yo pa respekte Pati B nan IDEA a oswa Règleman Depatman Edikasyon an. Men, se sèlman ou menm oswa yon lekòl ki ka depoze yon plent pou pwosedi regilye sou nenpòt sijè ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif yon timoun ki gen andikap, oswa zafè bay yon timoun yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye.

Mete sou sa, Depatman an dwe rezoud yon plent Eta nan yon delè swasant (60) jou sivil. Men, yon komite odyans pou pwosedi regilye dwe tande yon plent pou pwosedi regilye epi rann yon desizyon alekri nan yon delè karannsenk (45) jou sivil (apre peryòd rezolisyon trant (30) jou sivil la fini).

Kijan pou m depoze yon plent Eta?

Nenpòt òganizasyon prive oswa piblik, ajans piblik, oswa moun, menm moun ki soti nan yon lòt Eta, ka depoze yon plent Eta alekri epi ki siyen. Fòk plent yo fèt alekri, epi fòk moun ki depoze plent lan siyen l, epi mete ladan l:

(1) Yon deklarasyon ki di lekòl la (oswa nenpòt lòt ajans piblik) pa respekte yon egzijans IDEA oswa Règleman Depatman Edikasyon Delaware konsènan edikasyon timoun ki gen andikap yo;

(2) Reyalite deklarasyon an chita sou li a;

(3) Siyati ak enfòmasyon pou kontakte moun ki depoze plent lan, ak reprezantan jiridik lan, si genyen, oswa moun ki reprezantan yon ajans piblik oswa òganizasyon prive ki depoze yon plent;

(4) Si deklarasyon di gen vyolasyon konsènan yon timoun espesifik:
   (a) Non konplè timoun nan ak adrès kay li;
   (b) Non lekòl timoun nan ap frekante a;
   (c) Sizoka se yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri, enfòmasyon ki disponib pou pran kontak timoun nan, ak non lekòl timoun nan ap frekante a;
   (d) Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan, san wete enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan;
   (e) Yon solisyon yo pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi yo konnen epi nan mezi li disponib pou pati k ap depoze plent lan nan moman yo depoze li a.

(f) Yon deskripsyon sou tantativ ki fèt pou rezoud pwoblèm yo anvan yo depoze plent lan, si moun ki depoze plent lan vle bay enfòmasyon sa yo. (Remak, Depatman an ap kontinye avèk ankèt la si moun ki depoze plent lan refize bay enfòmasyon sa yo).

Fòk plent yo di gen yon vyolasyon ki te fèt nan espas yon (1) lane anvan dat Depatman an resevwa plent lan. Fòk ou bay plent lan nan men, voye li pa lapòs, fakse l, oswa voye l nan imèl bay:

Direktè
Resous pou Timoun Espesyal
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
(302) 739-4654 (Faks)
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an elabore yon fòm pou ede paran yo depoze yon plent. Gen yon kopi fòm Plent Eta pou Edikasyon Espesyal la nan do Avi sa a. Moun ki depoze plent lan ka rele tou nan (302) 735-4210 pou l mande voye fòm lan nan kourye lapòs. Epitou, ou kapab jwenn fòm sa a, ansanm avèk lòt resous tankou règleman IDEA yo, règleman Eta a, ak konklizyon afè Plent Eta yo anliy nan lyen sa a https://education.delaware.gov/legacy/home/instruction-and-assessment/exceptional-children/special-education/for-families/rights-and-disputes/.

Epitou, moun ki depoze plent lan dwe voye yon kopi plent lan bay lekòl la oswa lòt ajans piblik ki ap sèvi timoun lan nan menm moman li voye plent lan bay Depatman an.

Kijan Depatman an jere plent Eta mwen an?

Men sa Depatman an ap fè lè li resevwa yon plent:

(1) L ap mennen yon ankèt endepandan, ki gen ladan l yon ankèt sou plas, si li detèmine youn nesesè.

(2) L ap bay moun ki depoze plent lan opòtinite pou l bay plis enfòmasyon, kit se aloral kit se alekri, sou akizasyon ki nan plent lan.

(3) L ap bay lekòl la opòtinite pou l reponn plent lan, san wete chans pou l fè yon pwopozisyon pou rezoud li, epi yon opòtinite pou moun ki depoze plent lan ak lekòl la aksepte angaje yo nan medyasyon.

(4) L ap egzamine tout enfòmasyon enpòtan yo epi pran yon desizyon endepandan pou konnen si lekòl la pa respekte IDEA a oswa Règleman Depatman Edikasyon Delaware a.

(5) L ap bay moun ki depoze plent lan yon desizyon alekri ki abòde chak akizasyon nan plent lan epi ki gen ladan l detay sou sa ki te pase ak konklizyon yo, epi rezon ki fè li pran desizyon final la.

Fòk Depatman an fini ankèt li an epi bay desizyon li alekri nan espas swasant (60) jou sivil. Depatman an ka bay plis tan si gen sikonstans eksepsyonèl ki jistifye sa, oswa si moun ki depoze plent lan oswa lekòl la dakò pou l bay plis tan pou rezoud pwoblèm atravè medyasyon oswa lòt mwayen. Si Depatman an konstate lekòl la pa bay sèvis ki apwopriye

yo, Depatman an dwe eksplike fason li konte rezoud pwoblèm nan epi asire li lekòl la bay tout timoun ki gen andikap yo sèvis pi devan.

Ou kapab itilize sistèm odyans pou pwosedi regilye a ak pwosedi plent Eta a paske youn *pa* anile lòt. Ou ka itilize swa pwosedi plent Eta a swa sistèm odyans pou pwosedi regilye a pou w rezoud litij sou edikasyon pitit ou a. Si Depatman an resevwa yon plent Eta ki deja pase nan odyans pou pwosedi regilye, Depatman an dwe mete sou kote pati nan plent lan yo ap abòde nan odyans pou pwosedi regilye a jiskaske odyans lan fini. Nan ka sa a, desizyon ki soti nan odyans lan ap detèmine ankèt Depatman an. Si yon plent genyen kèk pwoblèm yo ap abòde nan odyans pou pwosedi regilye a epi gen kèk yo pa abòde, Depatman an dwe kontinye mennen ankèt li sou pwoblèm yo pa konsidere nan pwosedi regilye a. Mete sou sa, Depatman an ka rezoud yon plent Eta ki di yon lekòl pa aplike desizyon ki soti nan yon odyans pou pwosedi regilye.

Fason pou Disipline Timoun ki Gen Andikap

Èske yo kapab voye pitit mwen ale oswa mete l deyò?

Wi. Yo ka voye timoun ki gen andikap yo ale, mete yo deyò, oswa mete yo nan lòt etablisman pwovizwa oswa lòt etablisman nan menm mezi yo t ap itilize opsyon sa yo pou timoun ki pa gen andikap yo, men genyen règ ak egzijans espesifik pou yo respekte. Ou gen dwa pou w reyaji fas ak kèk mezi disiplinè yo pran kont pitit ou a.

Administratè lekòl yo kapab retire yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd kondwit nan plasman edikatif li ye kounye a epi mete li nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa ki apwopriye depi konpòtman an pa gen rapò ak andikap timoun nan.

Èske pitit mwen an ap resevwa sèvis pandan yo voye l ale oswa mete l deyò lekòl la?

Lekòl la ka retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman edikatif li ye kounye a pandan yon total dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl san l pa ba l sèvis edikatif yo.

Sinon, si yo retire yon timoun ki gen andikap nan anviwònman edikatif li pandan plis pase dis (10) jou lekòl nan menm ane lekòl la, epi lekòl la dwe bay sèvis yo pandan nenpòt jou ki vini apre retrè a ki pral pèmèt timoun ou an kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral ka (menm si se nan yon lòt etablisman) epi pou li fè pwogrè pou rive atenn objektif yo fikse nan IEP li an. Si retrè a se yon chanjman plasman edikatif pou rezon disiplinè, Ekip IEP timoun nan detèmine sèvis apwopriye ki nesesè yo. Epitou, fòk lekòl la fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, epi bay sèvis entèvansyon nan zafè konpòtman ak modifikasyon ki fèt pou abòde konpòtman an pou li pa rive ankò, si sa nesesè.

Kisa yon chanjman plasman edikatif pou rezon disiplinè ye?

Yon chanjman plasman fèt si:

(1) Si yo retire timoun nan lekòl la pandan plis pase dis (10) jou youn apre lòt nan yon ane lekòl; oswa

(2) Timoun nan te fè fas ak yon seri ranvwa ki reprezante yon motif paske:
   (a) Total seri ranvwa yo se plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl;
   (b) Konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman timoun nan te demontre nan ensidan anvan ki te lakoz seri ranvwa yo; epi

(c) Faktè anplis sa yo se kantite tan chak ranvwa dire, kantite tan total yo ranvwaye timoun nan, epi fason ranvwa yo pwòch youn ak lòt; oswa

(3) Timoun nan te fè fas ak yon seri ranvwa nan lekòl ki totalize plis pase dis (10) jou lekòl epi li anpeche li atenn objektif ki fikse nan IEP a, fè pwogrè nan pwogram jeneral la (menm si se nan yon lòt etablisman), epi resevwa sèvis sa yo ak modifikasyon ki dekri nan IEP a; oswa

(4) Timoun nan te fè fas ak yon seri ranvwa nan transpò akoz li absan lekòl pandan plis pase dis (10) jou lekòl:

Yo egzamine kesyon pou konnen si yon seri retrè se yon chanjman plasman separeman.

Ki mezi lekòl la dwe pran pou l chanje plasman edikatif pitit mwen an pou rezon disiplinè?

Si lekòl la deside chanje plasman edikatif pitit ou a pou rezon disiplinè, lekòl la dwe enfòme w sou desizyon li an, ba w yon kopi Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal, epi fè yon reyinyon Ekip pou detèmine si move konpòtman pitit ou a te gen rapò ak andikap li a. Yo rele sa detèminasyon manifestasyon. Fòk reyinyon an fèt lapoula, si sa posib, oswa nan espas dis (10) jou lekòl apre desizyon pou pran kalite mezi disiplinè sa a. Lekòl la, paran timoun nan, manm enpòtan nan Ekip IEP timoun nan dwe patisipe nan reyinyon detèminasyon manifestasyon an. Epitou, manm ekip dwe egzamine tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye pitit ou a, ki gen ladan l IEP a, nenpòt obsèvasyon pwofesè, ak nenpòt enfòmasyon ou bay.

Kisa k ap pase nan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon?

Manm ekip yo dwe reponn de (2) kesyon:

(1) Èske se andikap pitit ou a ki te lakoz move konpòtman an, oswa èske l gen yon rapò dirèk ki enpòtan ak andikap li a?

(2) Èske move konpòtman an se akoz lekòl la pa aplike IEP a?

Si Ekip la reponn wi pou youn nan kesyon yo, fòk yo konsidere move konpòtman an gen rapò ak andikap pitit ou a.

Si Ekip la detèmine move konpòtman an se te akoz lekòl la pa t aplike IEP a, lekòl la dwe pran mezi rapid pou jere pwoblèm nan.

E si move konpòtman an te gen rapò ak andikap pitit mwen an?

Si Ekip la detèmine move konpòtman an te gen rapò ak andikap pitit ou an, men sa li dwe fè:

(1) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (sof si lekòl la te deja fè youn anvan konpòtman an te rive) epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou pitit ou a; oswa

(2) Si yo deja elabore yon plan entèvansyon konpòtman, egzamine l, ak modifye li, si sa nesesè, pou abòde konpòtman an.

Sof jan yo dekri sa pi ba a anba "Èske genyen sikonstans espesyal kote yo kapab mete pitit mwen an nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa?," lekòl la dwe retounen pitit ou a nan plasman kote yo te retire li an, sof si ou menm ak lekòl la aksepte yon lòt plasman.

E si move konpòtman an pa te gen rapò ak andikap pitit mwen an?

Si move konpòtman an te gen rapò ak andikap pitit ou a, lekòl la ka aplike menm mezi disiplinè yo pou pitit ou a menm jan epi pandan menm kantite tan li t ap aplike yo pou timoun ki pa gen andikap yo, ki gen ladan l voye ale ak mete deyò.

Èske genyen sikonstans espesyal kote yo kapab mete pitit mwen an nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa?

Wi, si konpòtman an gen ladan posesyon dwòg oswa zam, blese yon moun grav. Yon lekòl ka retire yon timoun ki gen andikap pou mete l nan yon lòt plasman edikatif si: (1) timoun nan pote yon zam nan lekòl la, oswa li gen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite anba otorite lekòl la owa Eta a; (2) timoun nan fè espre li posede oswa itilize dwòg ilegal, oswa li vann oswa li mande vann yon sibstans ki kontwole, pandan li nan lekòl la, oswa nan yon aktivite anba otorite lekòl la oswa Eta a; oswa (3) timoun nan blese yon lòt moun grav pandan l nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite ki anba otorite lekòl la oswa Eta a. Nan sitiyasyon sa yo, lekòl la ka mete timoun lan nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa pandan jiska karannsenk (45) jou lekòl, kit yo konsidere konpòtman an gen rapò ak andikap timoun nan. Ekip IEP timoun nan detèmine anviwònman an. Fòk timoun nan retounen nan plasman regilye a nan fen peryòd retrè karannsenk (45) jou lekòl la.

Lòt anviwònman pwovizwa a dwe pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, (menm si li nan yon lòt anviwònman), epi pou li fè pwogrè pou rive atenn objektif yo fikse nan IEP li an. Epitou, fòk lekòl la fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, epi bay sèvis entèvansyon ak modifikasyon ki abòde konpòtman ki te mennen nan retrè pwovizwa a epi ki fèt pou anpeche li afiche konpòtman an ankò.

Paran yon timoun ki gen andikap kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans pou pwosedi regilye akselere si li pa dakò avèk desizyon lekòl la pran pou l retire timoun lan nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa poutèt dwòg, zam, oswa li blese yon moun grav.

Èske genyen lòt rezon ki ka fè yo mete pitit mwen an nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa?

Lekòl la ka mande yon odyans pou pwosedi regilye akselere pou mete timoun lan nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa pandan jiska karannsenk (45) jou lekòl si lekòl la kwè lè yo kenbe timoun lan nan plasman aktyèl li an, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa lòt moun. Lekòl la kapab mande lòt odyans akselere ak lòt plasman nan fen premye plasman sa a si li kwè li nesesè pou kontinye retire timoun nan.

Kisa yon odyans pou pwosedi regilye akselere ye?

Antanke paran, ou se yon manm nan Ekip IEP pitit ou a. Kidonk, y ap envite w patisipe nan nenpòt reyinyon Ekip IEP. Si w pa dakò avèk desizyon Ekip la pran konsènan detèminasyon manifestasyon an, oswa ou kwè lekòl la pa respekte pwosedi disiplinè ak pwosedi plasman lekòl la, ou ka mande Sekretè Edikasyon an yon odyans pou pwosedi regilye akselere.

Odyans pou pwosedi regilye akselere yo sanble anpil ak odyans pou pwosedi regilye nòmal yo, men se yon sèl ofisye odyans ki tande yo (olye de yon panèl ki gen twa [3] moun) epi li dwe fèt nan espas ven (20) jou lekòl apre dat Depatman an fin resevwa plent lan san reta ni pwolonjman. Ofisye odyans lan dwe rann yon desizyon nan espas dis (10) jou lekòl lè odyans lan fini. Yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan espas sèt (7) jou sivil apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi regilye a (sof si paran yo ak lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon rezolisyon an oswa itilize medyasyon pito). Odyans pou pwosedi regilye a ka kontinye sof si yo te rezoud pwoblèm nan yon fason ki satisfè toulede pati yo nan espas kenz (15) jou sivil apre yo te fin resevwa plent pou pwosedi regilye a.

Nan yon odyans pou pwosedi regilye akselere ye, ofisye odyans lan ka:

(1) Voye timoun nan tounen nan plasman kote yo te retire li an, si ofisye odyans lan detèmine konpòtman timoun lan te gen rapò ak andikap li, oswa retrè a se te yon vyolasyon règ disiplinè yo; oswa

(2) Òdone yon chanjman nan plasman nan yon lòt anviwònman edikatif pwovizwa ki apwopriye pou maksimòm karannsenk (45) jou lekòl si ofisye odyans lan detèmine si yo kenbe plasman aktyèl timoun nan, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa pou lòt moun.

Yon pati ka konteste desizyon an nan yon odyans pou pwosedi regilye akselere menm jan ak desizyon yo pran nan lòt odyans pou pwosedi regilye yo.

Èske plasman edikatif pitit mwen an chanje pandan pwosedi regilye akselere a?

Lè paran an oswa lekòl la depoze yon plent pou pwosedi regilye nan kad yon odyans pou pwosedi regilye akselere, timoun nan dwe rete nan lòt anviwònman edikatif pwovizwa a pandan l ap tann desizyon ofisye odyans lan (sof si paran an ak lekòl la dakò pou fè yon lòt aranjman).

Èske pitit mwen an gen pwoteksyon si yo pa t idantifye li oparavan antanke yon timoun ki bezwen sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki an rapò ak li yo?

Sa depan. Si yo pa detèmine pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo epi li vyole règ disiplinè lekòl la, li ka toujou itilize garanti pwosediral yo si lekòl la te konnen pitit ou a se te yon timoun ki gen andikap anvan li te afiche move kondwit la oswa konpòtman an.

Yo konsidere yon lekòl konnen si, anvan konpòtman ki te lakoz mezi disiplinè a, bagay ki vini annapre yo te rive:

(1) Ou eksprime enkyetid alekri bay pèsonèl sipèvizyon oswa pèsonèl administratif lekòl la, oswa pwofesè pitit ou a pou di pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo;

(2) Ou te mande yon evalyasyon ki gen rapò ak elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo; oswa

(3) Pwofesè pitit ou a oswa lòt pèsonèl distri lekòl la eksprime enkyetid espesifik sou yon modèl konpòtman pitit ou a afiche direkteman bay direktè distri lekòl edikasyon espesyal la oswa lòt pèsonèl sipèvizyon.

Yo p ap konsidere yon lekòl tankou yon lekòl ki konnen si ou pa t otorize l fè yon evalyasyon pou pitit ou a, ou te refize sèvis edikasyon espesyal yo, oswa yo evalye pitit ou a epi yo detèmine li pa yon timoun ki gen yon andikap selon IDEA.

Si lekòl la pa t okouran de andikap pitit ou a anvan li te pran mezi disiplinè a, li ka disipline pitit ou a selon menm mezi ak pwosedi li te aplike pou timoun ki pa gen andikap yo.

Si w mande yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal pandan pitit ou a anba mezi disiplinè a, lekòl la dwe fè yon evalyasyon akselere. Jiskaske evalyasyon an fini, pitit ou a ap rete nan plasman lekòl la deside a, ki ka gen ladan l voye ale oswa mete deyò san sèvis edikatif yo. Si pitit ou a kalifye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo, fòk yo bay pitit ou a yon pwogram edikasyon espesyal ki apwopriye, ki gen ladan l pwoteksyon pwosediral ki gen pou wè ak retrè pou disiplin ak lòt retrè.

Èske lekòl la kapab siyale konpòtman pitit mwen an bay lapolis?

Si pitit ou a komèt yon krim, lekòl la ka siyale li bay ajans sèvis polis ki apwopriye a. Lwa Eta a *mande* pou lekòl yo siyale sèten krim ki fèt nan lekòl bay yon sèvis polis menm si se yon timoun ki gen yon andikap ki komèt li. Fòk lekòl la bay sèvis polis la dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplin pitit ou a lè l siyale krim lan, nan mezi Lwa sou Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) pèmèt sa. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou FERPA nan dokiman sa a nan seksyon, Aksè nan Dosye Lekòl.

Timoun ki Frekante Lekòl Prive yo

Kilè yo dwe ranbouse paran yo pou ekolaj yo peye nan lekòl prive?

Pati B nan IDEA a pa egzije pou yon distri lekòl peye frè lekòl, tankou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo, pou pitit ou a ki gen andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive si lekòl la mete yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye disponib pou pitit ou a epi w chwazi mete timoun lan nan yon lekòl oswa etablisman prive. Sepandan, distri lekòl kote lekòl prive a ye a dwe gen ladan pitit ou a nan popilasyon yo trete bezwen yo a daprè dispozisyon Pati B a ki konsène timoun paran yo te plase yo nan yon etablisman prive. Chanjman nan lwa federal la limite responsabilite lekòl la pou l bay elèv ki gen paran yo ki chwazi voye yo nan lekòl prive sèvis. Kounye a, lwa federal la mande pou lekòl yo depanse sèlman yon pati ekitab nan fon federal IDEA a nan sitiyasyon sa yo.

Lekòl la ak Eta a ka dakò pou yo plase yon timoun ki gen yon andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive nan kèk sitiyasyon. Sinon, si pitit ou a te resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo oparavan, ou gen dwa pou yo ranbouse w frè ki asosye avèk yon plasman nan lekòl prive sèlman si yon tribinal oswa komite odyans detèmine lekòl la pa t rann yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye disponib pou pitit ou a atan, epi plasman nan lekòl prive a apwopriye.

Kilè yo ka redui oswa refize ranbousman frè lekòl prive yo?

Tribinal la oswa komite odyans lan ka redui oswa refize bay ranbousman pou frè lekòl prive yo si w pa t mete pitit ou a disponib pou yon evalyasyon (apre lekòl la fin bay avi ki apwopriye) anvan w retire pitit ou a nan lekòl piblik. Epitou, tribinal la redui oswa refize bay ranbousman si li twouve ou te aji yon fason ki pa rezonab lè w transfere pitit ou a nan lekòl prive a.

Epitou, yo ka refize ba w ranbousman si w pa t enfòme lekòl la pou di ou te rejte plasman edikasyon espesyal lekòl la te pwopoze a epi fè konnen enkyetid ak entansyon ou genyen pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive sou baz depans piblik. Nan ka sa a, fòk ou bay avi ou voye pou lekòl la swa:

(1) Nan dènye reyinyon IEP ou te patisipe ladan anvan w te retire pitit ou a nan lekòl piblik la; oswa

(2) Alekri bay lekòl la omwen dis (10) jou ouvrab (menm jou ferye) ou w retire pitit ou a nan lekòl piblik lan.

Kilè yo pa kapab redui ni refize ranbousman?

Yon tribinal oswa komite odyans pa dwe redui ni refize w ranbousman si w pa enfòme lekòl la sou plan ou genyen pou w retire pitit ou a paske:

(1) Lè w bay avi a, sa te ka lakoz pitit ou a sibi domaj nan kò;

(2) Lekòl la te anpeche w bay avi a; oswa

(3) Ou pa t resevwa yon kopi Garanti Pwosediral Delaware nan zafè Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal sa a oswa lekòl la te enfòme ou sou responsablite ou genyen pou mete lekòl la okouran sou entansyon w pou retire pitit ou a nan lekòl piblik.

Yon tribinal oswa komite odyans ka, si li vle, pa ka dwe redui ni refize w ranbousman si w pa enfòme lekòl la sou plan ou genyen pou w retire pitit ou a paske:

(1) Ou pa konn li ni ekri Anglè; oswa

(2) Lè w bay avi a, sa te ka lakoz pitit ou a sibi gwo domaj emosyonèl;

Anèks

Demann Fòm Medyasyon pou Edikasyon Espesyal A-1
Fòm Plent pou Pwosedi Regilye ak Demann Odyans pou Pwosedi Regilye A-2
Fòm Plent Eta konsènan Edikasyon Espesyal A-3

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Espesyal
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
https://education.delaware.gov/

Demann
Fòm Medyasyon pou Edikasyon Espesyal

Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) bay medyasyon pou ede paran yo, distri lekòl yo, ak lekòl piblik endepandan yo rezoud litij konsènan zafè bay sèvis edikasyon espesyal selon Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ak lwa Delaware ki koresponn ak li a. Li bay paran an, distri lekòl la, oswa lekòl piblik endepandan an medyasyon gratis. Toude pati yo dwe dakò pou yo itilize medyasyon an anvan yo eseye li. Yo ka mande medyasyon an lè yo soumèt demann alekri ki vini annapre a bay Depatman an:

Non Konplè Moun ki Mande Medyasyon an:

_____

Adrès: _____

_____

Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

Non Konplè Timoun nan: _____

Distri Lekòl/Lekòl Piblik Endepandan: _____

Non Lekòl la: _____

Sa li ye pou Elèv la (koche youn):

❒ Paran an/Responsab Legal la ❒ Lòt _____

❒ Distri Lekòl oswa Lekòl Piblik Endepandan

Enfòmasyon pou Kontakte Paran an/Responsab Legal la (si yon moun ki pa Paran an / Responsab Legal la mande sa):

_____

Adrès: _____

_____

Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

Bay yon ti eksplikasyon sou litij ki konsène sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo:

Bay yon ti eksplikasyon sou tantativ ki fèt pou rezoud litij la anvan li te mande medyasyon an:

Kote Pou Moun ki Mande Medyasyon an Siyen:

(Siyen la) (Dat)

Voye demann ou an pa lapòs, bay li nan men, fakse l, oswa voye l nan imèl nan adrès sa a:

Direktè
Resous pou Timoun Espesyal
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman aksepte demann Medyasyon yo nan Imèl.

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Espesyal
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
https://education.delaware.gov/

Fòm Plent pou Pwosedi Regilye ak Demann Odyans Pou Pwosedi Regilye

Depatman Edikasyon Delaware a (Depatman) bay Fòm Plent pou Pwosedi Regilye ak Demann Odyans Pou Pwosedi Regilye sa a selon Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), ak règleman federal ak règleman Eta yo. ***Yon paran oswa ajans piblik ka depoze yon plent pou pwosedi regilye ki gen pou wè ak: (1) idantifikasyon; (2) evalyasyon; (3) plasman edikatif; ak/oswa (4) zafè bay yon timoun ki gen yon andikap edikasyon piblik gratis ki apwopriye.*** Paran oswa ajans piblik yo ka, men yo pa oblije itilize fòm sa a, lè y ap depoze yon plent pou pwosedi regilye. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Gid Enfòmasyon sou Pwosedi Regilye Depatman an sou sitwèb Depatman an ki se: https://education.delaware.gov/ oswa rele nan (302) 735-4210. Epitou, ou ka al gade nan règleman Depatman ki konsène odyans pou pwosedi regilye yo nan 14 DE Admin Code §§ 926.7.0 rive jiska 18.0 ak règleman federal yo nan 34 C.F.R. §§ 300.507 rive jiska 518.

(1) Non Konplè Paran oswa Ajans Piblik ki Depoze Plent lan:

_____

Adrès:

_____

_____

Nimewo Telefòn:

_____

_____

Imèl:

_____

Sa li ye pou Elèv la (koche youn):

❒ Paran/Responsab Legal ❒ Reprezantan Legal ❒ Lòt _____

(2) Enfòmasyon sou Elèv la:

Non Konplè Elèv la: _____

Adrès:

_____

_____

Distri Lekòl/Lekòl Piblik Endepandan: _____

Non Lekòl la: _____

(Remak: Sizoka se yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri, bay nenpòt enfòmasyon ki disponib pou pran kontak timoun nan).

(3) Èske Se yon Demann pou yon Odyans pou Pwosedi Regilye?

❒ Wi ❒ Non

Yon paran ka depoze yon plent pou Pwosedi Regilye akselere lè l pa dakò avèk desizyon konsènan yon plasman disiplinè oswa yon detèminasyon manifestasyon, oswa yon distri lekòl oswa lekòl piblik endepandan kwè lè yo kenbe plasman aktyèl timoun nan, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa pou lòt moun.

Si w te chwazi Wi, pi wo a, dekri rezon ki fè yo ta dwe akselere plent pou pwosedi regilye sa a:

_____

_____

_____

(4) Bay yon eksplikasyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan enfòmasyon ki gen pou wè ak pwoblèm nan:

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

(5) Bay yon solisyon ou pwopoze pou pwoblèm nan (selon sa ou konnen ak sa ki disponib pou ou):

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

(6) Kote pou Paran an oswa Ajans Piblik ki Depoze Plent pou Pwosedi Regilye a Siyen:

_____ _____

(Siyen la) (Dat)

Pou w depoze plent pou Pwosedi Regilye w la, voye li nan Kourye Lapòs Ameriken, bay li nan men, fakse l, oswa voye l nan imèl bay:

Sekretè Edikasyon
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman aksepte plent pou Pwosedi Regilye yo nan Imèl.

Nòt Enpòtan:

Fòk ou voye yon kopi plent lan bay lòt pati a nan menm moman ou voye li bay Sekretè Edikasyon an. Lòt pati a ka distri lekòl la, lekòl piblik endepandan an, oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la, oswa paran oswa responsab legal elèv la.

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Espesyal
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
https://education.delaware.gov/

Edikasyon Espesyal
Fòm Plent Eta

Depatman Edikasyon Delaware a (Depatman) bay Fòm Plent Eta pou Edikasyon Espesyal sa a selon Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), ak règleman federal ak règleman Eta yo. Moun oswa òganizasyon ki vle depoze yon plent Eta ka itilize fòm sa a, men yo pa oblije. Remak, ou dwe bay Depatman an tout enfòmasyon fòm sa a mande anvan li kontinye mennen yon ankèt, eksepte pou chan yo endike ki pa obligatwa yo. Ou ka itilize fèy anplis si sa nesesè epi mete dokiman ki enpòtan yo pou kore sa w di yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou depoze plent Eta a, gade Pwosedi Plent Eta pou Edikasyon Espesyal Depatman an sou sitwèb Depatman an ki se: www.doe.k12.de.us oswa rele nan (302) 735-4210. Epitou, ou ka al gade nan règleman Depatman ki konsène plent Eta ou jwenn nan 14 DE Admin Code §§ 923.51.0 rive jiska 53.0 ak règleman federal yo nan 34 C.F.R. §§ 300.151 rive jiska 153.

(1) Non Konplè Moun oswa Òganizasyon ki Depoze Plent lan:

_____

Adrès:

_____

_____

Nimewo Telefòn:

_____

_____

Imèl:

_____

Sa li ye pou Elèv la (koche youn):

❒ Paran/Responsab Legal ❒ Reprezantan Legal ❒ Lòt _____

(2) Enfòmasyon sou Elèv la, si I Di gen Vyolasyon ki Konsène yon Elèv Espesifik:

Non Konplè Elèv la: _____

Adrès:

_____

_____

Distri Lekòl/Lekòl Piblik Endepandan: _____

Non Lekòl la: _____

(Remak: Sizoka se yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri, bay nenpòt enfòmasyon ki disponib pou pran kontak timoun nan).

Bay yon eksplikasyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan enfòmasyon ki gen pou wè ak pwoblèm nan:

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Bay yon solisyon ou pwopoze pou pwoblèm nan (selon sa ou konnen ak sa ki disponib pou ou):

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Li pa obligatwa: Bay yon eksplikasyon sou tantativ ki fèt pou rezoud pwoblèm nan (yo) anvan w te depoze plent sa a:

(3) Di distri lekòl la, lekòl piblik endepandan an, oswa lòt ajans piblik la te vyole yon egzijans nan Pati B IDEA a oswa règleman edikasyon espesyal Depatman an, ak reyalite ki sèvi baz pou deklarasyon ou fè a. (Pa Obligatwa: Mete peryòd ensidan an [yo] te pase a. Pa bliye swadizan vyolasyon an [yo] pa dwe te rive plis pase yon lane anvan dat Depatman an resevwa plent Eta a.)

(4) Kote pou Moun oswa Òganizasyon ki Depoze Plent Eta a Siyen:

_____ _____

(Siyen la) (Dat)

Pou w depoze Plent Eta w la, voye li nan Kourye Lapòs Ameriken, bay li nan men, fakse l, oswa voye l nan imèl bay:

Direktè
Resous pou Timoun Espesyal
Depatman Edikasyon Delaware
John G. Townsend Building
401 Federal Street, Suite 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an aksepte plent Eta yo nan Imèl.

Nòt Enpòtan:

Epitou, ou dwe voye yon kopi plent lan bay distri lekòl la, lekòl piblik endepandan an, oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la nan menm moman ou depoze plent lan nan Depatman Edikasyon an.